



Pou Piblikasyon Imedya: 23/07/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON FINANSMAN 30 MILYON DOLA EPI SIYEN YON LWA KI VIZE POU RANN PI ABÒDAB PWOTEKSYON KALITE DLO KONT SISTÈM SEPTIK KI PA FONKSYONE BYEN YO

Lwa S8241-A/A8807 fasilite epi rann li pi fasil ak pi abòdab pou Nouyòkè yo amelyore sistèm septik avanse ki redwi anpil polisyon dlo yo

Pwogram ranplasman sistèm septik Eta a sible zòn jewografik priyorite tankou Long Island, ki depann de yon sèl sous akifè

Finansman ankouraje ranplasman ansyen sistèm septik ak fòs septik pou anpeche polisyon dlo

Gouvènè Kathy Hochul siyen jodi a yon lwa ki vize pou rann pi fasil ak pi abòdab pou Nouyòkè yo amelyore sistèm septik avanse ki redwi polisyon dlo yon fason siyifikatif, pwoteje sante piblik, epi amelyore kalite dlo. Gouvènè a anonse tou yon investisman 30 milyon dola pou 5yèm Faz Pwogram Finansman Ranplasman Sistèm Septik Eta a ki gen siksè, pou ede pwopriyetè kay modènize oswa ranplase sistèm septik ki pa fonksyone, an patikilye sa yo ki afekte plan dlo yo deziyen kòm zòn priyorite.

"Aksè ak dlo pwòp se yon dwa fondamantal, ak kominote ki soti Montauk rive Buffalo merite enfrastrikti dlo ki an sekirite epi ki fyab." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Resous dlo Long Island yo esansyèl pou moun k ap viv la, pou ekonomi lokal la, epi pou plant ak bèt ki rele zile a lakay yo. "Mwen angaje pou m pwoteje sante tout Nouyòkè, e pwojè lwa sa a se yon pwomès pou jenerasyon k ap vini yo ke n ap kontinye bati yon eta pi rezistan ak pi dirab pandan n ap asire dlo pwòp pou tout moun."

Yo anonse jodia Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmanal (Environmental Facilities Corporation) Eta Nouyòk la te akòde 30 milyon dola nan sibvansyon an kowòdinasyon ak Depatman Sante (Department of Health) ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department Environmental Conservation) e yo fè pati angajman lidè nasyonal Eta pou modènize sistèm dlo ak egou ki ansyen yo. Eta Nouyòk pral bay konte yo lajan pou yo ka ranbouse pwopriyetè byen ki elijib yo yon pòsyon nan depans yo te fè pou ranplase fòs septik ak sistèm egou yo epi enstale sistèm ki pi efikas pou anviwònman an, tankou sistèm septik ki amelyore yo.

Dapre nouvo lwa a, pwopriyetè ki elijib yo ka resevwa ranbousman 50 pousan nan depans ki elijib yo, jiska 10,000 dola pou enstalasyon yon sistèm konvansyonèl, oswa jiska 75 pousan sou depans ki elijib yo, jiska 25,000 dola pou enstalasyon yon sistèm septik amelyore, pou rann sistèm sa yo egal oswa menm pi abòdab ke sistèm regilye yo. Konte yo ka tabli tou to ranbousman ankourajan gradyèl pou pwojè sistèm septik yo pou maksimize patisipasyon nan pwogram lan ak objektif rediksyon polisyon yo.

Sistèm septik ki demode oswa ki pa fonksyone byen se youn nan gwo sous polisyon ak eleman nitritif nan Nouyòk, sa ki favorize pwoliferasyon alg nuizib (Harmful algal blooms, HAB) e ki gen yon enpak negatif sou kalite dlo a. Envesti nan yon sistèm septik amelyore, byenke souvan ki koute plis pase tretman dlo ize konvansyonèl, se yon bagay ki esansyèl pou ede amelyore kalite dlo nan Long Island. Sistèm avanse sa yo fèt espesyalman pou redwi azòt yon fason siyifikatif, sa ki ede tou diminye enpak anviwònman ak sanitè fosfò ak sibstans per- ak polifliyowoalkil (PFAS) k ap amelyore kalite dlo a epi konbat HAB yo.

Siyati pwojè lwa jodi a nan Konte Suffolk baze sou investisman rekò Gouvènè a nan dlo pwòp. Envestisman sa yo fè pati estrateji jeneral Nouyòk pou maksimize enpak fon enfrastrikti eta ak federal yo, pou asire chak rejyon benefisyè dlo ki pi pwòp, sistèm ki pi an sekirite, ak dirabilite alontèm. Yon total de tyè - swa 20 milyon dola - nan fon yo anonse jodi a ap konsakre dirèkteman pou sipòte pwojè yo nan Konte Suffolk, pou kontribiye nan pwoteksyon sèl sous akifè rejyon an ak lòt plan dlo yo.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta Nouyòk la, Amanda Lefton, te deklare, "Bilan sipò Gouvènè Hochul pou pwoteksyon kalite dlo nan Long Island se yon bagay ki pa ka diskite, e ki kontinye ap grandi gras ak investisman ki fèt jodi a. Ranplasman sistèm septik ki pa adekwa anpeche polisyon penetre nan kouran dlo sansib nou yo epi amelyore yon fason dirab kalite dlo atravè eta a. Nouvo lwa a vize pou rann pi abòdab ranplasman sistèm septik amelyore yo e nouvo finansman 30 milyon dola a, pral ankouraje yon apwòch lojik ak efikas pou redui kontaminasyon epi pwoteje kalite dlo nan Nouyòk."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmanal Eta Nouyòk la, Maureen A. Coleman, te deklare, "Kalite dlo nan Long Island esansyèl—pa sèlman pou anviwònman an, men tou pou sante piblik, amelyore kalite lavi, ak devlope ekonomi lokal yo. Se poutèt sa EFC angaje plis pase 1 milya dola nan sibvansyon ak finansman ak to enterè ki ba pandan de dènye ane yo pou ede Long Island modènize enfrastrikti dlo li epi pwoteje sous akifè inik li. Avèk nouvo investisman 30 milyon dola sa a epi gras ak lidèchip Gouvènè Hochul, n ap fasilite ranplasman sistèm septik ki ansyen yo e redui polisyon ki danjere pou pwopriyetè kay ak antrepriz yo atravè eta a. Sa a se yon solisyon lokal entelijan, avèk avantaj alontèm."

Komisè Sante Eta Nouyòk la, Doktè James McDonald, te deklare, Tout Nouyòkè merite gen lespri trankil pou yo konnen dlo yo gen aksè a an sekirite epi pa polye. Envestisman 30 milyon dola jodi a nan Pwogram Finansman Ranplasman Sistèm Septik Eta a, ansanm ak lwa Gouvènè Hochul siyen an, redui chaj finansye pou fè

amelyorasyon enpòtan sa yo nan enfrastrikti a, ki pral asire plis kominote pwoteje kont kontaminasyon danjere nan dlo. Sa a se yon envestisman bon sans pou sante tout Nouyòkè."

Senatè Eta a, Pete Harckham, te deklare, "Modènize sistèm septik atravè Nouyòk esansyèl pou pwoteje kouran dlo nou yo, sante piblik, ak anviwònman an — men yo ka koute chè. Nouvo lwa sa a, ki pral ranbouse enstalasyon nouvo sistèm yo, enkli inite tretman amelyore yo, ap pèmèt pwopriyetè kay yo amelyore san yo pa depanse twòp, pandan y ap pwoteje akifè ki toupre yo ak lòt resous dlo potab ki frajil. Mèsi, Gouvènè Hochul, Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta Nouyòk, ak manm Asanble ki sipòte lwa a, Rebecca Kassay, pou lidèchip yo sou inisyativ sa a."

Manm Asanble Rebecca Kassay, te deklare, "Pifò Nouyòkè vle kontribiye pou pwoteje anviwònman nou an, men pafwa limit bidjè yo anpeche fanmi yo mennen efò sa yo byen. Sistèm septik ki demode oswa ki pa fonksyone byen se youn nan gwo sous polisyon ak eleman nitritif nan Nouyòk, sa ki favorize pwoliferasyon alg nuizib, lanmò pwason yo ak degradasyon nan kalite dlo a. Byenke teknoloji septik avanse yo vreman pi efikas nan trete dlo ize, kou yo rann yo souvan pa aksesib pou plizyè fanmi—sof si yo resevwa finansman piblik. Mwen fyè pou m travay ak Gouvènè a epi kolèg nou yo pou aplike solisyon sa a ki pa sèlman pwoteje dlo nou, men ki reponn tou ak pwoblèm aksesibilite finansye Long Island."

Kad Egzekitif Konte Suffolk Ed Romaine te deklare, "Sibvansyon septik la pral jwe yon wòl esansyèl nan efò Konte Suffolk pou pwoteje dlo nou, baz nou yo, ak bouch rivyè nou yo. Mwen apresye efò Eta Nouyòk deplwaye pou ede nou atenn objektif sa a."

Lidè Minorite Lejislati Konte Suffolk la Jason Richberg te deklare, "Pwojè lwa sa a se yon envestisman bon sans pou sante ak rezistans kominote nou yo, ki pral mete Konte Suffolk nan premye liy nan pwoteksyon anviwònman ak opòtinite ekonomik. Sistèm septik ki ansyen yo se youn nan pi gwo menas pou anviwònman Long Island, epi sistèm ki pi pwòp ak pi efikas yo redui kantite polyan ki enfiltre nan dlo sou tè a ak kouran dlo nou yo. Chak dola depanse isit la bay dlo ki pi pwòp pou fanmi nou, plis sipò pou antrepriz lokal yo, epi ekonomi reyèl sou antretyen alontèm. Nan distri mwen an, kou elve ki gen rapò ak ranplasman fòs septik depase souvan anpeche pwopriyetè kay ak ti antrepriz yo pou fè mizajou pou sistèm ki pi avanse. Ogmante nivo ranbousman ap kontribiye pou leve obstak finansye sa a e pèmèt fanmi k ap travay ak antreprenè lokal yo pou pran kontwòl jesyon dechè yo. Se pa sèlman fòs septik—se prezève kalite lavi nou, veye sou ti antrepriz nou yo, epi onore responsablite nou anvè jenerasyon k ap vini yo."

Direktè Egzekitif Kanpay Sitwayen pou Anviwònman, Adrienne Esposito, te deklare, "Pwojè lwa septik enpòtan sa a se solisyon pou polisyon dlo ize nan bè ak nan pò nou yo. Chanjman piblik fèt atravè edikasyon ak ankouraje chanjman. Lwa enpòtan sa a pral ankouraje piblik la pou ranplase ansyen sistèm septik ak fòs septik demode yo ak nouvo sistèm ki trete dlo ize! Pwogram sa a deja yon siksè nan konte Nassau ak Suffolk, kounye a nou kapab anplifye menm plis siksè sa a. Nou kontan dèske Gouvènè

Hochul ap siyen lwa enpòtan sa a sou dlo pwòp, epi nou remèsye li pou angajman kontinyèl li an favè dlo pwòp. CCE remèsye tou Senatè Harckham ak Depite Rebecca Kassay paske yo fè adopte pwojè lwa sa a ane sa a."

Bill Ulfelder, Direktè Egzekitif The Nature Conservancy nan Nouyòk te deklare, "The Nature Conservancy felisite Gouvènè Hochul pou siyen lwa ki fè sistèm septik pou dlo pwòp vin pi aksesib pou pwopriyetè kay yo, epi bay finansman esansyèl ak pwojè dlo pwòp yo. Finansman elaji Eta pou ranplasman sistèm septik la ki pral ankò pi lwen nan konte Suffolk gras a finansman lokal pou pwojè enfrastrikti dlo, ke elektè nan konte Suffolk yo te apwouve ak yon gwo majorite ane pase. Esansyèl pou sante piblik, pwojè enfrastrikti dlo yo pwoteje dlo potab, amelyore kalite lavi, epi anpeche polisyon rive nan bè, pò, lak, ak rivyè nou yo. The Nature Conservancy remèsye sipòtè pwojè lwa Senatè Harckham ak Manm Asanble Kassay, paske yo defann elajisman pwogram nan, ak Gouvènè Hochul e Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmanal paske yo fè avanse pwogram sibvansyon enpòtan sa a."

Prezidan New York League of Conservation Voters, Julie Tighe, te deklare, "Tout moun merite gen aksè ak dlo pwòp. Sistèm septik ak twou fatra ki ansyen yo ap kontamine dlo anba tè ak kouran dlo yo, an patikilye nan Long Island — elaji Finansman Ranplasman Sistèm Septik la ansanm ak investisman 30 milyon dola Gouvènè a se yon gwo viktwa pou sante piblik. Nou felisite Gouvènè Hochul paske l siyen mezi enpòtan sa a, ansanm ak Senatè Harckham ak Manm Asanble Kassay pou lidèchip yo nan adopte lwa a."

Nan ane 2017, Eta Nouyòk te lanse yon inisyativ enfrastrikti dlo pwòp konplè, sou plizyè ane pou amelyore kalite dlo e ede pwopriyetè kay yo pou ranplase sistèm septik ki ansyen yo nan kominote sible yo atravè Nouyòk. Pwogram ranbousman sa a te kreye pou bay pwopriyetè kay ak ti antrepriz yo yon ankourajman pou ranplase ak amelyore sistèm septik ki ansyen yo epi elimine fòs septik ki ka andomaje kalite dlo epi menase sante piblik lè yo libere patojèn oswa polisyon eleman nitritif tankou azòt ak fosfò.

Sa a enkli zòn ki gen sous dlo piblik ki egziste deja oswa ki gen potansyèl pou sa, ansanm ak zòn ki konnen deja pwoblèm kalite dlo ki dirèkteman atribiyab a sistèm septik ki pa fonksyone byen. Pou asire yon alokasyon fon ki pi efikas ak ki gen plis enpak, DEC ak DOH kolabore yon fason etwat avèk konte k ap patisipe yo pou idantifye epi priyore plan dlo elijib yo. Apwòch kowòdone sa a maksimize efikasite pwogram pwoteksyon yo e amelyore resous dlo yo nan Nouyòk.

Gen yon lis konte ak plan dlo elijib pou faz aktyèl (4yèm Faz) disponib sou sit entènèt EFC [isit la](#). Plan dlo ki elijib pou 5yèm faz yo ap pibliye yon fwa yo enfòmè konte yo sou kantite finansman yo a. Pwopriyetè kay ak antrepriz yo ta dwe kontakte reprezantan konte yo endike sou sit entènèt EFC a pou detèmine si pwopriyete yo elijib.

Long Island prèske depann nèt de yon sèl sous akifè epi ede founisè dlo yo pwoteje sous dlo souteren ki presye ak inik sa a se yon bagay enpòtan anpil pou asire plizyè milyon moun nan Konte Nassau ak Suffolk gen dlo potab pou yo bwè. Anons jodi a

konplete efò [Pwogram Basen Dlo Long Island](#) ki te anonse dènyeman ki vize pou elaji pwoteksyon basen dlo sou zile a. [Ajanda Aksyon pou Basen Dlo Long Island](#) lan se yon plan transparan ki vize pou amelyore kalite dlo, konsève abita akwatik yo, pwoteksyon dlo souteren, epi ankouraje angajman piblik nesèsè pou asire siksè nan pwoteksyon dlo sifas, dlo kotyè, ak dlo souteren nan konte Nassau ak Suffolk.

Angajman Nouyòk pou Kalite Dlo

Eta Nouyòk kontinye ogmante investisman prensipal li yo nan enfrastrikti dlo, ki gen ladan plis pase 2.2 milya dola nan asistans finansye nan men EFC pou pwojè enfrastrikti dlo lokal yo nan Ane Fiskal Eta 2024 la sèlman. Pwochen faz Sibvansyon pou amelyorasyon Enfrastrikti Idwolik EFC ak Enfrastrikti Idwolik Entèminisipal la ouvè kounye a nan www.efc.ny.gov. Gouvènè Hochul te [anonse 325 milyon dola](#) pou faz sa a.

Avèk 500 milyon dola yo atribye pou enfrastrikti dlo pwòp nan Bidjè Eta 2026 Gouvènè Hochul te anonse a, Nouyòk pral investi yon total 6 milya dola nan enfrastrikti dlo ant 2017 ak ane sa a. Yo ankouraje nenpòt kominote ki bezwen èd ak pwojè enfrastrikti dlo li yo pou [kontakte EFC](#). Nouyòkè yo ka swiv pwojè k ap benefisye investisman EFC yo [lè yo itilize tablodbò entèaktif sou enpak pwojè a](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)